

Enfòmasyon ki Enpòtan pou Lokatè HUD bay èd sou Sispansyon Degèpisman CDC a

Novanm 2020



Biwo Lojman Piblik ak Lojman pou Endyen (Public and Indian Housing, PIH) ki nan Depatman Lojman ak Developman Iben (Housing and Urban Development, HUD) te prepare feyè sa a pou ede w konprann sa Òdonans CDC a vle di pou lokatè HUD bay èd ki se lokatè nan pwogram PIH sa yo: Pwogram Koupon Chwa Lojman (Housing Choice Voucher), Pwogram Lojman Piblik, ak Pwogram Restorasyon Modere Seksyon 8 la. Si w se yon lokatè nan yon pwogram PIH, tanpri kontakte mèt kay ou a oswa ajans lojman piblik ou a (public housing agency, PHA) pou jwenn plis enfòmasyon sou feyè sa a oswa Òdonans CDC a. Ou ka ale tou sou

sitwèb CDC a nan: <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/covid-eviction-declaration.html>.

Kisa sispansyon degèpisman CDC a ye?

- Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) te pibliye yon Òdonans ki rele Sispansyon Tanporè Degèpisman nan Kay yo pou Anpeche COVID-19 la Simaye Plis. Pou lokatè ki ranpli kondisyon pou yo elijib, Òdonans sa a **kanpe degèpisman yo pou yon ti moman poutèt yo pa peye lwave soti 4 septanm 2020 rive jiska 31 desanm 2020**.

Ki etap mwen oblige franchi pou yo pa degèpi mwen poutèt lwave mwen pa peye?

- **1ye Etap:** Si w nan sitiyasyon kote ou pa peye mèt kay ou a oswa ajans lojman piblik ou a epi ou gen risk pou yo degèpi ou ant 4 septanm 2020 rive 31 desanm 2020, donk ou **dwe** respekte sèt (7) kritè kalifikasyon ki nan Deklarasyon CDC a ki disponib la a:
 - **Vèsyon anglè:** <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/downloads/declaration-form.pdf>
 - **Vèsyon ki tradui yo:** https://www.hud.gov/program_offices/public_indian_housing/covid_19_resources/resident_declaration_form_other_languages
- **2yèm Etap:** Si w respekte toule sèt (7) kritè kalifikasyon ki nan Deklarasyon CDC a, ou dwe siyen Deklarasyon an epi mete dat sou li.
- **3yèm Etap:** Bay ajans lojman piblik ou a oswa mèt kay ou a yon kopi Deklarasyon an ki siyen/gen dat sou li.

1ye Etap: Ou dwe dabò respekte toule sèt (7) kritè sètifikasyon ki nan Deklarasyon CDC

a. Men yo:

1. **Ou pa an mezi pou peye tout kòb lwave a akoz revni fwaye a diminye oswa akoz gwo frè medikal;**
 - **Konsèy!** Pou moun ki nan pwogram lojman piblik ak pwogram koupon yo, yo pral **toujou** ajiste lwave w la pou li reflete yon rediksyon nan revni an si w di Ajans Lojman Piblik ou an gen chanjman nan revni ou. Tanpri panse pou kontakte Ajans Lojman Piblik ou an pi bonè ou kapab pou li egzamine revni ou genyen kounye a epi ajiste lwave w la pou li reflete chanjman an.
2. **Ou fè tout sa w kapab pou peye yon pati atan epi pati sa a ou peye a fè w prèske fin peye tout lwave a jan sikontans yo pèmèt sa.**
3. **Ou te fè tout sa w kapab pou jwenn tout èd gouvènman ki disponib yo.**
 - **Konsèy!** Ou kapab konsidere lefètke w ap patisipe kounye a nan yon pwogram èd pou lwave pou detèmine si w te fè tout sa w kapab pou jwenn èd gouvènman. Moun ki nan pwogram lojman piblik ak moun ki nan pwogram koupon yo ka konsidere tou si yo te mande Ajans Lojman Piblik la egzamine revni yo genyen kounye a pou yo ajiste lwave a pou l reflete yon chanjman ki fèt nan revni yo.
4. **Ou respekte youn nan kondisyon sa yo: (1) ou prevwa fè mwens pase \$99,000 dola an 2020 (oswa \$198,000 dola si n depoze ansanm), oswa (2) ou pa t oblige deklare okenn revni bay IRS, oswa (3) ou te resevwa yon chèk pou relans ekonomik lwa CARES.**
 - **Konsèy!** Peman pou relans ekonomik \$1,200+ dola a PA T nan kalkil revni w lan. Si w pa t resevwa yon peman pou relans ekonomik, tanpri ale sou paj wèb sa a pou tcheke nan ki nivo peman w lan ye epi pou ranpli yon fòm ki senp: <https://www.irs.gov/coronavirus/get-my-payment>
5. **Si yo te oblige degèpi w, ou t ap gen chans pou vin tounen sanzabri, oswa pou al rete nan yon abri pou sanzabri oswa nan yon nouvo lojman ki gen lòt moun ladan ki pral viv nan espas ki kwense.**
6. **Se ou ki responsab pou peye kòb lwave ou dwe a, yo ka mande w frè pou kòb lwave ou dwe a, epi ou dwe kontinye respekte kondisyon ki nan kontra lwave w la.**
7. **Ou konprann lè Òdonans CDC a ekspire 31 desanm 2020, yo ka degèpi ou si w gen kòb lwave ou dwe oswa frè ou pa peye.**

2yèm Etap: Si w respekte toule sèt (7) kritè sètifikasyon ki nan 1ye Etap la, siyen Deklarasyon an epi mete dat sou li.

- Chak granmoun ki sou kontra lwave a oswa kontra lojman an ki respekte kondisyon yo eksplike nan 1ye Etap la ta dwe siyen Deklarasyon an. Nan kèk sikonstans, tankou moun ki fè yon deklarasyon enpo ansanm, li ka apwopriye pou yon moun nan kay la bay yon deklarasyon ki siyen nan non lòt rezidan ki granmoun ki sou kontra lwave oswa kontra lojman an. Ou kapab itilize Deklarasyon CDC a, li disponib nan lyen sa a: <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/downloads/declaration-form.pdf>.

3yèm Etap: Bay mèt kay ou a oswa Ajans Lojman Piblik ou an yon kopi Deklarasyon ou siyen an.

- **Enpòtan!** Si w pa siyen Deklarasyon an pou soumèt li bay mèt kay ou a oswa Ajans Lojman Piblik ou an, yo kapab toujou degèpi w poutèt ou pa peye kòb lwave a ant 4 septanm 2020 rive 31 desanm 2020. Men, Deklarasyon an mande pou w sètifye pou bay enfòmasyon ki vrè anba sanksyon pou fo temwayaj. Sa vle di nenpòt fo deklarasyon oswa deklarasyon malatchong oswa mankman ka mennen nan pouosit penal ak pouosit sivil pou amann, penalite, domaj enterè oswa anprizònman, kidonk **asire w respekte TOUT kritè sètifikasyon nan 1ye Etap la anvan w siyen Deklarasyon an.**
- Si yo te kòmanse yon degèpisman poutèt ou pa peye kòb lwave anvan 4 septanm men yo poko fini li, ou kapab toujou siyen Deklarasyon an epi soumèt li bay mèt kay ou a oswa Ajans Lojman Piblik ou an pou yo pa degèpi w.
- Si sa posib, voye Deklarasyon an pa imèl oswa yon lòt mwayen ki bay resi yon fason pou gen yon prèv ki montre ou te voye li. Pa egzanp, yon lòt mwayen kapab se kourye sètifye nan Sèvis Lapòs Etazini avèk yon resi ou mande. Kenbe yon kopi Deklarasyon ou siyen an (yo) nan dosye ou tou, ki gen ladan dat ak lè ou te voye li oswa remèt li bay mèt kay ou a oswa Ajans Lojman Piblik ou an.
- Moun ki nan pwogram koupon yo ka oblige bay Ajans Lojman Piblik yo a ak mèt kay yo a Deklarasyon an tou.

Sonje:

- Si w an mezi pou peye tout kòb lwave a oswa yon pati ladan li, w ap toujou bezwen fè sa.
- Sispansyon degèpisman nan kad Òdonans CDC a pa menm ak sispansyon degèpisman ki fini kounye a ki nan Lwa CARES la¹. Sispansyon degèpisman ki nan Lwa CARES la te fini 24 jiyè 2020. Pi gwo diferans ant toude se daprè Òdonans CDC a: (1) lokatè yo oblige siyen yon Deklarasyon ki gen toule sèt (7) sètifikasyon yo pou yo pa degèpi yo poutèt yo pa peye lwave epi (2) yo ka mande lokatè yo peye frè reta, penalite ak lòt frè yo dwe akoz lwave yo pa peye.
- Ou ka gen lòt pwoteksyon yo si otorite Eta w la, otorite lokal ou a, oswa otorite teritwa w la te enpoze yon sispanson ki pi long oswa ki pi estrik sou degèpisman yo ki bay menm nivo pwoteksyon sante piblik la oswa plis pwoteksyon pase egzijans yo endike nan Òdonans CDC a.
- Ou toujou gen obligasyon pou respekte tout lòt kondisyon ki nan kontra lwave w la ak règ kote w ap viv la. Yo kapab toujou degèpi lokatè yo pou zak kriminèl, lòt zak oswa vyolasyon kontra lwave a.

Konsèy sou Fason pou Kominike ak Mèt Kay Ou a oswa Ajans Lojman Piblik ou a:

Si w gen difikilte pou peye kòb lwave a oswa ou pa kapab peye ankò, kontakte mèt kay ou a tousuit pou pale sou opsyon yo. Nan moman kriz finansye sa a ki lakoz moun gen estrès, mèt kay ou a ka gen ti pwoblèm pa li tou. Eseye kominike avèk li klè epi nan tèt frè. Men kèk konsèy pou ede w fè yon bon chita pale avèk mèt kay ou a:

- Se pou onèt lè w ap eksplike pwoblèm ou genyen an. Si COVID-19 la oswa lòt difikilte ap malmennen w, eksplike li jan sa afekte revni ou. Moun ki nan pwogram lojman piblik ak pwogram koupon yo ta dwe kontakte Ajans Lojman Piblik yo a pi bonè yo kapab pou li egzamine revni yo genyen kounye a epi ajiste peman lwave yo a.
- Panse pou siyale tout resous ak opsyon èd ou te jwenn.
- Eksplike fason pèt lojman an pral afekte fanmi ou.
- Poze kesyon sou aranjman peman yo.
- Kenbe tout imèl ak konvèzasyon tèks mesaj epi pran nòt sou lè ou te pale nan telefòn oswa fas-a-fas.

¹ Yo Adopte li nan Seksyon 4024 nan Lwa sou Èd, Apezman, ak Sekirite Ekonomik pandan Kowonaviris, "Lwa CARES" 2020 (Lwa Piblik 116-136).